



# Fè timoun yo tounen gran lektè byen fasil

*Prepare pitit ou pou l ka li e pou l ka bay bon rezilta skolè nèt al kole!*

- Fè lekti pou pitit ou e an menm tan montre li foto ak mo ki koresponn a sa ou ap li a. Se ou menm ki premye pwofesè pitit ou.
- Al nan bibliyotèk chak semèn. Mennen tout moun nan fanmi an epi fè chak moun chwazi liv pou tèt pa yo.
- Al fè yon kat nan bibliyotèk piblik ki nan vil ou a. Kat la gratis!
- Enskri pitit ou nan Pwogram Lekti Ete nan bibliyotèk la. L ap pwofite de anpil pwogram ak aktivite gratis: amizman, tire kont, konkou lekti, aktivite manyèl, etsetera.
- Lè timoun yo ap gade televizyon, chita gade avèk yo epi mete soutitraj la sou ekran an pou yo wè mo yo pandan y ap tande yo.
- Pale ak timoun yo epi rakonte yo ti istwa pandan ou ap fè manje, pandan ou ap fè makèt, lè ou sou wout... Timoun yo va aprann anpil nouvo bagay epi anpil nouvo mo tou.
- Chante pou timoun yo lè nou ap prepare yo pou al dòmi oswa lè n'ap abiye yo le maten.
- Ankourage timoun yo imajine jwèt wòl tankou nou te nan bibliyotèk, nan restoran, nan mize oswa lekòl, ajoute liv, kat kreyon, meni restoran nan jwèt la. Timoun aprann pi byen nan jwe!
- Ekri lis ak timoun yo – lis pou makèt, Lis kado anivèsè, oswa lis liv yo pi renmen.
- Al ak liv lè nou pral nan lanmè, nan pisin, nan pak, pou fè yon ti lekti si nou ap pran yon brek.
- Mete yon lis sou pòt frijidè a epi make tout liv ou li pou pitit ou pandan ane a.
- Fè yon ti lekti ak pitit ou chak swa anvan l dòmi!



Si w ta bezwen plis enfòmasyon, pale ak bibliyotekè a nan bibliyotèk la oswa al sou sit <https://www.nysl.nysed.gov/libdev/summer/>